

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

- + Vaksen Kont Grip**
- + Vaksen Pfizer ak J&J
kont COVID-19**

- Dòz pou Granmoun
- Dòz pou timoun ki gen 5 lènè
oswa plis
- Twazyèm dòz
- Vaksen rapèl

Disponib isit la pou tout moun ki elijib

Avèk COVID-19 epi sezon grip la ki rive
ansanm lan, li pi enpòtan jounen jodia
pou w pwoteje tèt ou ak pwòch ou yo
pou yo pa tonbe malad.

Vaksen kont COVID-19 ak grip la san
danje epi yo efikas pou redwi risk pou
w malad, etènè (ospitalizasyon) ak
menm mouri.

Ou ka pran vaksen kont COVID-19 la ak
vaksen kont grip la an menm tan, gratis.

Aprann plis sou ki vaksen ki bon
pou ou. Eskane Kòd QR la oswa rele
1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692).

Aprann plis sou
vaksen COVID-19
yo



Aprann plis sou
vaksen kont
grip la



Kiyès Ki Dwe Pran vaksen pou Grip ak COVID-19?



Vaksen kont Grip (Influenza)

Tout moun ki gen sis mwa oswa pi plis dwe pran vaksen kont grip sezonye a chak ane, espesyalman:

- + Timoun ki gen mwens pase 2 lane
- + Moun ki gen plis pase 65 lane
- + Moun ki ansent oswa ki fenk sot akouche
- + Moun ki gen maladi tankou dyabèt (sik), opresyon, maladi kè oswa VIH
- + Travayè esansyèl yo ki gen ladan I travayè nan domèn sante ak moun k ap bay lòt moun swen ki gen gwo risk pou yo tonbe malab. Moun k ap okipe timoun espesyalman timoun ki gen mwens pase sis mwa, dwe pran vaksen kont grip la tou.

Vaksen Kont COVID-19

Pifò moun yo elijib kounya pou pran vaksen kont COVID-19:

- + Moun ki gen ant 5 a 11 zan ka pran de dòz pedyatrik (yon tyè konsantrasyon an) Pfizer-BioNTech
- + Moun ki gen 12 lane ak plis ka pran de dòz vaksen Pfizer-BioNTech la.
- + Moun ki gen 18 lane ak plis ka pran de dòz Moderna yo oswa yon dòz Johnson & Johnson/Janssen

3èm dòz vaksen Pfizer la oswa Moderna a Kont COVID-19

Twazyèm dòz la disponib pou moun ki pran dezyèm dòz vaksen kont COVID-19 la pou pi piti 28 jou avan sa epi ki gen yon sistèm iminitè ki fèb akoz yon tretman oswa yon maladi. Sa ka gen ladan l:

- + Trètman Aktif Kont Kansè
- + Grèf ògan ak medikaman ki redui fòs sitèm iminitè a
- + Grèf selil souch pandan 2 dènye ane yo
- + Defisi iminitè primè oswa grav
- + VIH avanse oswa ki pa trete
- + Trètman aktif ak yon dòz kòtikòstewoyid byen wo ak lòt medikaman ki afebli sistèm iminitè a yon fason modere oswa grav.

Ou dwe gen 12 lane oswa plis pou w pran 3èm dòz vaksen Pfizer a epi 18 lane oswa plis pou w pran 3èm dòz Moderna a. Twazyèm dòz la pa rekòmande pou majorite moun ki gen lòt pwoblèm sante tankou dyabèt oswa maladi kè oswa maladi nan poumoun.

Dòz Rapèl COVID-19 - Benefisyè vaksen Pfizer ak Moderna yo

Vaksen rapèl yo disponib pou moun ki kalifye nou pral site la yo, si yo pran de dòz vaksen Pfizer a oswa Moderna pou pi piti sis mwa anvan sa:

- + Moun ki gen 65 lane oswa plis
- + Moun ki gen ant 18 a 64 lane epi ki gen swa pwoblèm sante oswa gwo risk pou yo ekspose ak COVID-19 akoz travay yo (egzanp, moun k ap travay nan domèn sante) oswa kote y ap viv la oswa kote yo vizite souvan yo (pa egzanp yon sant akèy pou moun ki pa gen kote pou yo rete)
- + Moun ki ap viv nan sant swen enfimye oswa lòt etablisman pou swen alontèm

Moun ki pran de dòz vaksen Pfizer oswa Moderna dwe eseye pran menm vaksen an antanke vaksen rapèl men yo gen chwa pou yo pran nenpòt nan twa tip vaksen ki otorize Ozetazini yo.

Vaksen Rapèl kont COVID-19 - Benefisyè Vaksen Johnson & Johnson yo

Tout moun ki gen 18 lane oswa plis ki pran dòz inik vaksen Johnson & Johnson lan pou pi piti de mwa anvan sa ka pran nenpòt nan twa mak vaksen ki otorize Ozetazini yo antanke vaksen rapèl. Si ou pa asire w de ki tip vaksen ou dwe pran, pale ak founisè swen sante ou a oswa ak ekip pwofesyonèl sante ki sou sit y ap bay vaksen an.

Lopital ki nan gwoup NYC Health + Hospitals ofri vaksen Pfizer ak J&J. Sit NYC Health + Hospitals/Gotham Health yo ofri vaksen Moderna. Pou yon lis konplè de tout etablisman nou yo, vizite sit entènèt nou an: nychealthandhospitals.org.